

11 me

Pitit Lòm nan pa t vini pou yo sèvi li, men, pou li sèvi, epi, pou li bay lavi li pou peye delivrans anpil moun.

Matye 20. 28

Mwen renmen mèt mwen, mwen renmen madanm mwen ak pitit mwen yo, mwen pa vle vin lib ankò.

Egzòd 21. 5

Sèvitè Bondye ki san defo a

Li Egzòd 21. 2-6

Jezi, se te sèvitè san defo Bondye a. Li te pran plas sa a ak pwòp volonte l, ak yon devouman san defo. Li di : “Paske, mwen pa t desann soti nan syèl la pou mwen fè volonte pa mwen, men, pou mwen fè volonte sila ki te voye m nan” (Jan 6. 38).

E, pandan li t ap sèvi Bondye, li te pami lèzòm tou tankou : “sila k ap sèvi a” (Lik 22. 27). Lè li aji konsa, Pitit Bondye a te montre kisa lanmou toutbon an ye, li pran plezi li nan sèvi, menm si anpil fwa lèzòm ap chèche pou moun sèvi yo.

Senyè nou an te vini, non sèlman pou li sèvi, men tou pou li bay lavi li. San lanmò sa, li te dakò san yo pa fòse l, li t ap kapab tounen nan syèl la, men li t ap rete poukont li. Se sans kache sa lekriti ki nan Egzòd 21 an, pawòl nan levanjil la fè vin klè : “Franchman, franchman, m ap di nou sa : si grenn ble ki tonbe nan tè a pa mouri, li rete poukont li. Men, si li mouri, li donnen anpil” (Jan 12. 24). Lanmou li te gen pou lèzòm epi dezi li pou li wè yo avèk li etènèlman, te fè li bay lavi li pou yo. Li te padone tou peche sila yo ki kwè, e li te mete yo nan kondisyon pou yo ka pataje glwa li nan syèl la.

Sila yo, Kris rachte a, plen ak adorasyon, lè y ap gade yon devouman konsa. E y ap tann ak kè kontan jou sa otè Sòm sa anonse a : “Moun ki t ap kriye, lè yo taprale ak grenn pou yo simen nan jaden yo, y ap tounen ak bèl chante nan bouch yo sitèlman yo kontan lè y ap pote rekòt la lakay yo” (Sòm 126. 6).

11 mai

Le Fils de l'homme n'est pas venu pour être servi, mais pour servir et pour donner sa vie en rançon pour un grand nombre. Matthieu 20. 28

J'aime mon maître, ma femme et mes enfants, je ne veux pas sortir libre. Exode 21. 5

Le parfait serviteur de Dieu

Lire Exode 21. 2-6

Jésus Christ a été le parfait serviteur de Dieu. Il a pris cette place volontairement, avec un dévouement parfait : “Je suis descendu du ciel pour faire, non pas ma volonté, mais la volonté de celui qui m’a envoyé”, disait-il (Jean 6. 38).

Et tandis qu’il servait Dieu, il était également parmi les hommes comme “celui qui sert” (Luc 22. 27). En agissant ainsi, le Fils de Dieu a montré ce qu’est le vrai amour, qui trouve son plaisir dans le fait de servir, alors que bien souvent les hommes cherchent à se faire servir.

Notre Seigneur est venu, non seulement pour servir, mais également pour donner sa vie. Sans sa mort librement consentie, il aurait pu regagner le ciel, mais il y serait resté seul. C’est le sens caché du texte d’Exode 21, éclairé par cette parole de l’évangile : “En vérité, en vérité, je vous dis : À moins que le grain de blé ne tombe en terre et ne meure, il demeure seul ; mais s’il meurt, il porte beaucoup de fruit” (Jean 12. 24). L’amour qu’il portait aux humains et le désir de les avoir avec lui éternellement l’ont conduit à donner sa vie pour eux. Il a ainsi expié les péchés de ceux qui croient, et les a rendus capables de partager sa gloire céleste.

Ceux que Christ a rachetés sont remplis d’adoration en contemplant un tel dévouement. Et ils attendent avec bonheur le jour annoncé par l’auteur du psaume : “Il va en pleurant, portant la semence qu’il répand ; il revient avec chant de joie, portant ses gerbes” (Psaume 126. 6).